

Farmworker

Travayè Jaden! Konnen Dwa Nou Yo!

Yon Gid pou Travayè Jaden
nan Maryland ak Delaware

Aksè Egal ak Jistis : Legal Aid

Jistis pou Tout
Moun nan Maryland
Depi 1911



MARYLAND
LEGAL AID

Kilès ki Prepare Bwochi Sa a?

Se Pwogram Travayè Jaden nan Maryland Legal Aid ki prepare bwochi sa a. Se yon òganizasyon charitab li ye. Li devwe pou li bay yon defans legal ki nan yon wò nivo pou pwoteje epi avanse dwa lezòm yo. Pwogram Travayè Jaden bay travayè jaden ak travayè sezon yo ki nan Maryland ak Delaware (sa k ap travay nan fèm, nan chan pye fwi, faktori bwat, faktori k ap anbale rekòt, faktori poul, etc.) èd legal GRATIS ki konfidansyel.

Nou vle w konnen dwa w yo!

Gid sa a gen enfòmasyon jeneral osije de dwa w yo nan travay, men ou pa ta dwe konsidere yo kòm konsèy legal soti nan men yon avoka. Nou fè sa nou kapab pou nou mete enfòmasyon sa yo ajou men pafwa lalwa konn chanje. Si w ta vle enfòmasyon konsenan sityasyon pa w presi, rele Maryland Legal Aid.

Kèk kote nan bwochi sa a gen pwotèksyon siplemantè pou travayè ki gen viza H-2A. Enfòmasyon sa yo ekri an vèt.

Yon travayè ki gen viza H-2A se yon travayè jaden ki Ozetazini ak yon viza tanporè ki pemèt li travay ak yon sèl patwon.

Kisa ki nan bwochi sa a? Enfòmasyon osije de:

- 4 **Ki Dwa Fondamantal Mwen Geyen**
- 5 **Détay Travay la Anekri**
- 6 **Garanti ¾ Travay la epi Travayè Ozétazini kap Travay Ansanm ak Travayè Ki Gen Viza H-2A**
- 7 **Salè Minimòm**
- 8 **Ouvètay**
- 9 **Tan W ap Tann ak Tan W ap Vwayaje**
- 10 **Souchèk**
- 11 **Dediksyon**
- 12 **Transpòtasyon**
- 13 **Kay**
- 14 **Pwòpte ak Sante**
- 15 **Chòk nan Travay**
- 16 **Asirans Chòmaj**
- 17 **Diskriminasyon ak Menas**
- 18 **Dwa pou Moun Lib**
- 19 **Aji pou Pwoteje Tèt Ou**
- 20 **Enfòmasyon Enpòtan**
- 22 **Kalandrye Travay ak Pèy**

Dwa Fondamantal Mwen Geyen?

Ou gen dwa jwen:

- deskripsyon anekri de kondisyon travay yo anvan w vwayaje
- salè minimòm oswa salè yo pwomèt ou
- pèy pou tout travay w fè ak tan w pase ap tann
- kantite travay yo pwomèt w
- kondisyon travay ki sekirité epi ki ijyenik
- kay ki sekirité epi ki pwòp
- transpòtasyon sekirité
- swen medikal gratis si w pran chòk nan travay
- okenn diskriminasyon ak menas
- konsèy legal

Détay Travay La Anekri

W gen dwa jwen yon eksplikasyon anekri osije de travay w pral fè (salè, kote travay la ye, kalite travay, non patwon an, etc.) W ta dwe jwen li nan men kontraktè oswa patwon ki ba w travay la lè li ofri w travay la.

Si yo pa ba w li, mande l. Sa enpòtan anpil. Si kondisyon travay yo diferan de sa yo te pwomèt w (pa egzanp si w pa jwen kantite travay oswa salè yo te pwomèt ou) w kapab itilize dokiman sa a kòm prèv de sa yo te pwomèt ou. Sepandan, menm si w pa te jwen yon dokiman anekri, kontraktè a ak patwon ou yo dwe konfòme yo ak nimpòt pwomès yo te fè w osije de travay la.

KONTRA H-2A

Si w ap travay anba kontra H-2A, patwon ou la dwe renpli yon kontra anekri ki bay dat w ap vwayaje yo, kalite travay w pral fè, salè ou pa èdtan, konbyen èdtan w ap travay nan yon semèn, ak lòt bagay ankò. W gen dwa jwen yon kopi kontra sa a. W gen dwa jwen li nan yon lang w konpran anvan w jwen yon visa.



MARYLAND
LEGAL AID

Salè Minimòm

W toujou ta dwe touche omwens sale minimòm

la, ki se \$7.25 pou chak èdtan. Menm si w pa gen papye, oswa si w touche sou kouraj w oswa sou kantite w keyi. Patwon w la **dwe peye w** omwens \$7.25 pou chak èdtan w travay.

Ositou, lalwa mande pou patwon ou peye w salè li te pwomèt w. Sa vle di si li te pwomèt w \$9.00 pa èdtan epi l annik peye w \$8.15 pa èdtan, li vyole dwa w yo epi li dwe w kòb.

W ta dwe touche omwens de fwa nan yon mwa.

Salè Minimòm pou Travayè ki Gen Viza H-2A

Chak ane gouvènman ameriken fikse yon sale ki piwò pou travayè ki gen viza H-2A yo. Kade anba pou vwe kisa salè minimòm la ye pou ane sa a pou travayè ki gen viza H-2A yo nan Maryland ak Delaware.

Garanti ¾ Pou Travayè Ki Gen Viza H-2A

Travayè ak viza H-2A gen garanti y ap touche pou ¾ (75%) de lè travay yo te pwomèt nan kontra. Konsa si rekòt patwon an pa bon epi w annik jwen mwatye travay yo te pwomèt w, patwon ou la dwe peye w anplis pou w ka touche omwens ¾ sa yo te pwomèt w nan kontra a.

Travayè ki Ozetazini k ap Travay Ansanm ak Travayè ki Gen Viza H-2A:

Patwon ki gen travayè ak viza H-2A dwe angaje tout travayè ki Ozetazini (swa sitwayen oswa rezidan pèmanan) ki aplike nan travay la pandan premye mwatye kontra. Patwon yo pa gen dwa pitò travayè ak viza H-2A ke travayè ki Ozetazini.

Tout travayè ki Ozetazini k ap fè menm travay ak travayè ki gen viza H-2A gen menm dwa ak pwoteksyon ansanm ak travayè sa yo (sale, kantite travay, kay, etc.).



Ouvètay

Pifò travayè jaden yo pa gen dwa touche ouvètay. Sepandan gen de eksepsyon ki enpòtan. 1) Si w ap travay nan faktori poul oswa vyan ki sot nan lanmè oswa nan faktori k ap anbale rekòt yo w gen dwa touche ouvètay pou chak èdtan w travay depase 40 èdtan nan yon semèn. 2) Si w travay nan jaden nan **Maryland** w gen dwa touche ouvètay pou chak èdtan w travay depase 60 èdtan nan yon senmen.

Salè ouvètay la se yon fwa edmi (1.5) salè regilye. Pa egzanp, si w konn touche \$7.50 pa èdtan, sale ouvètay w la se \$11.25 ($\$7.50 \times 1.5 = \11.25).

**Swiv konbyen èdtan w travay !
Rele nou si w gen okenn kesyon.**

Tan W ap Tann ak Tan W ap Vwayaje

Si patwon w ap tann w nan travay la a yon lè presi epi w dwe tann anvan w kapab komanse travay, w ta dwe touche pou tan w fè ap tann. Si patwon ou mande pou w rete nan kote w ap travay la, w ta dwe touche pou tan sa, memm si w pap travay. Ositou, w ta dwe touche pou tan w ap pase ap vwayaje soti yon kote rive nan yon lòt pandan joune travay la.

Patwon an pa gen pou li peye w pou pòz pou manje si pòz sa yo dire pase 30 minit (pase 20 minit si pòz sa pa pou manje) epi w pa gen pou travay ditou diran pòz sa yo.

Li enpòtan anpil pou w **fè epi kenbe dosye pa w** kote w make konbyen èdtan w travay chak jou. Pa konte sou dosye patwon ou la oswa sou memwa w.



**MARYLAND
LEGAL AID**

Souchèk

W ta dwe jwen yon souchèk chak fwa w touche, menm si w touche kash. Chak souchèk ta dwe geyen: non ou ak non patwon ou la, peryod w te travay, konbyen èdtan w te travay, ak konbyen w touche pou chak èdtan oswa, si w travay sou kouraj ou, konbyen moso w te keye epi konbyen w touche pou chak moso. Souchèk la dwe montre tou nimpòt dediksyon ki fêt.

Kenbe souchèk ou yo!! Yo se prèv ki kote w te travay, kilè, epi konbyen w te touche si ta janm gen dispit.

Tout travayè, kenpòt sityasyon yo ak imigrasyon, gen dwa pou yo touche pou travay yo fè!

Dediksyon

Dabitid patwon ou la dwe dedwi epi kenbe taks federal ak leta epi Sekirite Sosyal ak Medicare (FICA) soti nan pèy w. Patwon ou la dwe gen pèmisyon ou anekri pou li fè okenn lòt dediksyon, menm si se pou ranbouse kòb li peye w alavans oswa kòb li prete w. Selon sikontans yo, patwon ou la kapab gen dwa dedwi nan pèy w yon kòb rezonab pou kay ak manje. Sepandan patwon ou la pa gen dwa dedwi kòb pou zouti w bezwen pou fè travay w oswa kòb pou peye asirans pou chòk nan travay la; yo dwe ba w sa yo gratis.

Travayè ki Gen Viza H-2A:

Kontra w dwe eksplike tout dediksyon k ap fêt yo. Ositou yo dwe rezonab epi yo pa ka fè salè w desann anba salè minimòm yo te pwomèt w.



MARYLAND
LEGAL AID

Transpòtasyon

Si kontraktè oswa patwon ou la bay w roulib soti nan travay rive nan kan oswa lakay w, transpò sa dwe sekirité epi konfòm ak lalwa. Kontraktè oswa patwon ou la dwe gen bon asirans sou machin li kondwi epi chak moun dwe gen yon chèz pou li chita. W pa ta dwe chita nan deyè kamyonèt.

Ranbousman pou Travayè ki Gen Viza H-2A:

Rive nan mwatye kontra, patwon ou la dwe renmèt w kòb w depanse pou vwayaj ak manje pou w soti kote w jwen travay la rive kote travay la ye Ozetazini.

Patwon ou la dwe renmèt w kòb w depanse pou fè paspò, frè viza, frè papye ak rekritman ansanm ak lòt depans konsa.

Nan fen kontra patwon w dwe peye pou vwayaj w ak manje w pou retoune kote w soti, dabitid lakay w.

Kay

Si patwon ou la ba w kote pou w abite, kote sa a dwe:

- sekirité, pwòp epi nan bon kondisyon;
- gen ase espas pou tout moun;
- gen limyè elektrik nan chak chanm;
- gen dlò cho, yon kizin ak frijidè epi yon fou;
- gen twalèt ki pwòp ak douch;
- gen til nan tout pòt ak fenèt yo;
- pa gen rat ak bét.

Travayè ki Gen Viza H-2A:

W dwe jwen kay **gratis**. Patwon ou la dwe swa bay w twa repa chak jou pou yon pri rezonab oswa yon kizin gratis kote w kapab fè manje.

Pwòpte ak Sante

Patwon ou la dwe ba w twalèt ki pwòp, dlo frè ak koblè w ka jete, epi yon kote pou w lave men ou. Sa yo toujou ta dwe ¼ mile de kote w ap travay la. Patwon ou la dwe pemèt w kanpe travay epi bwe dlò lè w bezwen.

Pwoteje tèt ou kont pestisid. Yo danjere anpil epi yo kapab lakòz maladi oswa lamò. Toujou lave men ou anvan w manje, bwe, fime oswa lè w al nan twalèt. Pa lave rad travay yo ansanm ak lòt rad yo.

Si w vinn malad oswa w ankontak ak pestisid, w ta dwe vve ak yon doktè touswit epi di doktè w te ankontak ak pestisid! Men kèk sentòm anpwazonnman ak pestisid: tèt fèmal, swe anpil, anvi vomi, vomisman, djare, difikilte pou respire, ak lota. Menm jan ak nimpòt chòk nan travay la, fè sipèviziè w konnen touswit si w blese oswa si w te ankontak ak pestisid.

Si posib, pa lave rad w te gen sou w lè w te ankontak ak pestisid yo. Pa mete yo ankò, men fème yon nan yon sachè plastik. Se kapab sèl prèv w ap geyen ke w te ankontak ak pestisid.

Chòk nan Travay

Si w pran chòk oswa nan travay oubyen nan kan, w dwe fè patwon ou la konnen sa touswit. W kapab bezwen plen yon reklamasyon nan Komisyon pou Konpansasyon Travayè Yo (Workers' Compensation Commission).

Si w pran chòk pandan w ap travay nan **Maryland**, pwobab ke w gen dwa jwen swen medical gratis ak salè w pedi akòz de chòk la. Lalwa mande pou se patwon ou ki peye pou depans sa yo. Si w pran chòk pandan w ap travay nan **Delaware**, lalwa pa mande pou patwon ou peye depans sa yo, men gen nan yo ki chwazi fè sa. Si yo pa gen asirans pou sa, w gen dwa kapab fè prosè kont yo pou chòk w pran.

Travayè ki gen viza H-2A nan nimpòt eta dwe resewa Asirans pou Chòk nan Travay oswa yon ekivalan.

Si w pran chòk nan travay, tanpri rele nou pou chache konnen ki dwa w geyen.



**MARYLAND
LEGAL AID**

Asirans Chòmaj

Chòmaj se yon pwogram gouvènman ki peye travayè ki pedi travay yo san se pa fòt yo. Nan Maryland ak Delaware, gen nan travayè jaden yo ki elijib pou chòmaj. Si w revoke nan travay w paske pa gen travay ankò oswa pou nimpòt lòt rezon ki pa fòt ou, w kapab gen dwa jwen benefis sa.

Diskriminasyon ak Menas

Li ilegal pou moun fè diskriminasyon kont yon anplwaye pou tèt ras li, peyi kote li soti, seks li, laj li, koulè pò li, yon andikap, oswa reliyion li. W gen dwa pote plent pou diskriminasyon oswa lòt pwoblèm nan travay la. Li ilegal pou yon patwon, yon kontraktè oswa nimpòt lòt moun fè aksyon kont w menm (pa egzanp desann lè w travay oswa fè menas l ap rele imigrasyon sou w) paske w te defan dwa legal ou yo.

Si w panse w se viktim diskriminasyon oswa menas, RELE NOU. W gen dwa cheche konsèy legal oswa èd pou nimpòt rezon. Ni kontraktè ni patwon ou la pa gen dwa fè w menas oubyen pini w paske w cheche konsèy legal oswa èd.

Travayè ki Gen Viza H-2A:

Li ilegal pou patwon ou, kontraktè ou oswa moun k ap ofri moun travay mete non w sou yon “blacklist” (refize pou yo angaje w alavni) paske w te defann dwa w yo.

Pa kite patwon ou oswa kontraktè w kenbe paspò w ak dokiman imigrasyon ou yo.



MARYLAND
LEGAL AID

Aji Pou Pwoteje Tèt Ou

- Itilize ti liv sa pou **ekri lè w travay chak jou** epi kòb w touche. Ositou ekri kantite travay w fè si w touche sou kouraj ou.
- **Kenbe tout souchèk ou yo** epi nimpòt lòt papye w jwen oswa yo montre w.
- Pa janm siye annyen w pa konprann oswa ki pa vre.

Travayè ki Gen Viza H-2A Gen yon Dwa

Fondamantal Pou Yo Lib:

- Selon lalwa ki kontrole viza w a, w annik gen dwa travay pou patwon ki fè kontra avèk w men w toujou gen dwa kite travay la epi retoune nan peyi w.
- W pa ka arete epi depote senpman paske w kite travay w depi w kite peyi a nan dat ki nan viza w la epi w pa travay pou yon lòt patwon san w pa gen pèmisyon fè sa.
- W gen dwa kenbe pwòp dokiman w yo epi patwon ak kontraktè w yo pa gen dwa kenbe paspò w, viza w, oswa lòt dokiman ou san w pa vle.
- Li ilegal pou patwon ou fè w travay anba menas ak fòs.
- Si w se viktim travay fose, trafik imen, oswa yon seri de lòt krim, selon sikontans yo w kapab kalifye pou jwen yon viza espesyal pou rete Ozetazini pandan 4 ane.

Enfòmasyon Enpòtan

Non w okonplè: _____

Adrès lakay w: _____

Vil: _____

Eta: _____ Kòd laps: _____

Nimewo telefon nan peyi/eta kote w soti:

Pa w: _____

Pa yon fanmi oswa vvazen: _____

Non moun ki ofri w travay lakay w:

Nimewo telefon moun ki ofri w travay: _____

Non sipèvizè w: _____

Nimewo telefon sipèvizè w: _____

Non patwon ou: _____

Adrès patwon ou: _____

Dat w komanse travay: _____

W ta dwe ekri:

Non ak nimewo telefon lòt travayè

Depans w fè pou retoune lakay w aprè travay la fini
epi poukisa yo te ye

**Pa travay gratis!
Defann dwa w yo!
Ekri tout bagay!**

Dat/Jou

Lè w komanse
Lè

Lèw kite

Tan lunch
#

MOSO

Köbw touche

Dat/Jou

Lè w komanse
Lè w

kite

van lunch

#Moso

Kob w'touche

Li illegal pou fèmye, patwon, kontraktè oswa sipèvizè fè aksyon pou pini w paske w konsilte ak yo avòka osije de dwa w yo oswa paske w pran aksyon legal pou pwoteje dwa w yo.

Si w gen okenn pwoblèm oswa kesyon, kontakte

Pwogram travayè Jaden nan Maryland Legal Aid nan:

1-800-444-4099 (gratis Ozetazini)

410-546-5511 (rele kolèt si w andeyo Ozetazini)

Oswa visite ofis nou nan Eastern Shore:

111 High St.

Salisbury, MD 21801

www.mdlab.org

Sèvis nou yo toujou GRATIS epi yo konfidansyel.

